№1(5)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

***Ilimiy-metodikalıq jurnal***

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI

***Ilmiy-uslubiy jurnal***

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

***Научно-методический журнал***

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

***Scientific-methodical journal***

**№ 1(5)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri máslahátshisi, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;

**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);

**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

UTEBAEV TAJIBAY **-** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*

*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ

**Mamutov P.A.**

*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı*

**Annotaciya:** Bul maqalada Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik akademikalıq muzıkalı teatrında alıp barılıp atırǵan dóretiwshilik processler hám Qaraqalpaq teatr kórkem óneriniń payda bolıwı, qáliplesiw hám rawajlanıwında dramaturgiyanıń tutqan ornı, 1960-jıllarǵa kelip teatr talantlı jaslar menen tolıp barıwı, Dramaturgiyaǵa jańa avtorlar qosılıwı, Jańa temadağı dóretpeler, jańa obrazlar, jańa saxna tili payda bolıwı, qaraqalpaq teatr aktyorlıq hám rejissyorlıq mektebiniń qáliplesiwi haqqında sóz etiledi.

**Gilt sózler:** Teatr, dramaturgiya, muzıka, spektakl, ustaz-shákir, rejissyor, aktyor.

**Аннотация:** В данной статье говорится о творческой деятельности Каракалпакского государственного академического музыкального театра имени Бердака и роли драматургии в зарождении, становлении и развитии каракалпакского театрального искусства, наполнении театра талантливой молодежью к 1960-м годам, притоке в драматургию новых артистов, работах над новыми темами, новыми образами, появлении нового сценического языка, становлении актерской и режиссерской школы каракалпакского театра. проводится.

**Ключевые слова:** Театр, драматургия, музыка, спектакль, педагог-ученик, режиссер, актер.

**Abstract:** This article talks about the creative work of the Karakalpak State Academic Musical Theatre named after Berdak and the role of dramaturgy in the origin, formation and development of Karakalpak theatrical art, filling the theatre with talented youth by the 1960s, the influx of new artists into dramaturgy, work on new themes, new images, the emergence of a new stage language, the formation of the acting and directing school of the Karakalpak theatre. is carried out.

**Keywords:** Theatre, dramaturgy, music, performance, teacher-student, director, actor.

Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasında belgilengen wazıypalardı ámelge asırıw maqtesinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 2-fevraldağı "Mádeniyat hám kórkem óner salasın jáne de rawajlandırıwǵa tiyisli qosımsha ilajlar haqqinda"gi PQ-112-sanlı Qararı, 2020-jıl 26-maydağı "Mádeniyat hám kórkem óner salasınıń jámiyet turmısındağı ornı hám tásirin jáne

de asırıw ilajları haqqında”ǵı PF-6000-san Pármanı, 2024-jıl 22-noyabrdegi “Teatrlardíń jámiyet mádeniy turmısındaǵı áhmiyetin asırıw ilajları haqqında”ǵı PQ-399 -sanlı qararı, 2021-jıl 20-yanvardaǵı “Mádeniy iskerlik hám mádeniyat shólkemleri haqqında”ǵı 668-san Nızamı, Ózbekstan Respublikası Ministrler kabinetiniń 2019-jıl 18-apreldegi “Mámleketlik teatrlar hám koncert-tamasha shólkemleri iskerligin jáne de jetilistiriw ilajları haqqında”ǵı 329-sanlı qararınıń qabıl etiliwi kórkem óner tarawındaǵı aktual mashqalalardıń sheshimin tabıw, tarawdı rawajlandırıw, shet el tájiriybelerin úyreniw hám ámeliyatqa eńgiziw, tarawǵa investiciyalar hám innovaciyalardı alıp keliw sıyaqlı zárúrli wazıypalardı ámelge asırıwda úlken xızmet etedi.

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademikalıq muzıkalı teatrında alıp barılıp atırǵan dóretiwshilik processler hám Qaraqalpaq teatr kórkem óneriniń payda bolıwı, qáliplesiw hám rawajlanıw processleri Búgingi kúnde dúnyada intensiv tárizde keship atırǵan bárshe tarawdaǵı processler insan oylawı tezlik penen keńeyiwine, jańa, dáslep tanıs bolmaǵan maǵlıwmatlardı ańlap, óz kásiplik iskerliginde islete alıwǵa háreket qılıwǵa, sol menen bir qatarda, bul tolıq maǵlıwmatlarǵa iye bolǵan jumıstan soń mádeniy dem alıwǵa bolǵan talaptıń kúsheyiwi - zaman talabı bolıp barmaqta. Ilimiy izertlewler nátiyjesinde qaraqalpaq teatr kórkem óneriniń túrleri, baǵdarları hám rawajlanıw basqıshları haqqında aytıp ótiwimiz zárúr. 1959-jılı 26-aprel kúngi “Sovet Qaraqalpaqstan” gazetasıda T.Allanazarovtıń “Dramaturgiyanı rawajlandırıw ushın zárúr ilajlar kóriw” haqqındaǵı maqalası hámmeni oylantırdı. 1960-jıllarǵa kelip teatr talantlı jaslar menen tolıp bardı. Dramaturglerden T.Seytjanov, T.Jumamuratov, M.Qalimbetov, N.Yeshmatov sıyaqlı jańa avtorlar qosıladı. Jańa temadaǵı dóretpeler, jańa obrazlar, jańa saxna tili payda boldı. 1966-jılı instituttıń muzıkalı drama bólimin ustaz rejissyor, Ózbekstan xalıq artisti Najimatdin Ansatbaev, Qaraqalpaqstan xalıq artistleri Dosbergen Ranov, Xojabergen Ayimbetov, Qaraqalpaqstanda xızmet kórsetken artist Ajar Ansatbaevalar pitkerip teatrǵa kelip qosıldı. Teatrda sol jılları Quwatbay Abdreymov, Najimatdin Ansatbaev, Reyimbay Tóreniyazov sıyaqlı rejissyorlar ózleriniń jańa ideyası menen saxnaǵa kirip keldi. Jańa dáwir kózqarası menen spektakller saxnalastıra baslaydı. Aktyorlardan Dosbergen Ranov, Xojabergen Ayimbetov, Rayxan Saparova, Tursungúl Qayıpnazarova, Marjan Xalmuratova, Mambetbay Sadikov, Jalǵasbay Sultabaev, Ajar Ansatbaeva, Zawre Saypova, Azat Ansatbaev sıyaqlı bir qatar talantlı jaslar bar edi.

Bul jılları teatr repertuarınan kóbirek dástanlar boyınsha jazılǵan pyesalar, inscenirovka hám awdarma dóretpeler orın alǵanın kóremiz. Ferǵana teatrı rejissyorı G.Abdulov, Qazaqstanlı belgili rejissyor A.Mambetovlar da kelip teatrda spektakller saxnalastırdı. N.Dawqaraevtıń “Alpamıs” muzıkalı draması,

A.Shamuratov hám I.Yusupovlardıń “Qırıq qız” muzıkalı draması, T.Qayıpbergenovtıń “Qaraqalpaq qızı” romanı boyınsha jazılǵan T.Bayandievtiń “Jumagúl” draması, Sh.Aytmatovtıń “Ana jer ana” shıǵarmaları tabıslı saxnalastırıldı. Sonday-aq, teatr festivallarda qatnasıp, sıylı orınlardı iyelep, diplomlar menen sıylıqlandı.

Ótken ásirdiń 70 jıllarına kelip, qaraqalpaq ádebiyatı menen kórkem óneri, tiykarında teatr úlken tabıslar menen rawajlanıp atırǵan edi. Sebebi, Qaraqalpaqstannıń qaysı salasın alıp qarasaqta, barlıq jerde jaslar ózleriniń jańa ideyaları menen kirip, Progressiv jaslar barlıq tarawda burılıs qılıp atırǵan edi. Ádebiyat, kórkem óner, jańa usıllarda tezlik penen rawajlanıp barar edi. Keleshegi jarqıraǵan jaslar teatr qatarına qosıla basladı. Teatr professional tájiriybege iye qánigeler menen kóbeyip, kóp tabıslardı qolǵa kirite basladı. Jáhán dramaturgiyasınıń ideyası, kórkemlik dárejesin tereń túsiniw, olarda alıp shıǵılǵan turmıs hám ekonomikalıq máselelerdi saxnalıq analiz menen janlandırıp, ideya hám tárbiyalıq táreplerin ashıp beriw menen baylanıslı boldı.

Dóretiwshilik imkaniyatları keń múmkinshiliklerge iye bolǵan milliy teatrımız repertuarınan orın alǵan xojalıq temasınan, jańa poetik dóretpeler jaratıwǵa kirisildi. Jas rejissyorlar Q.Abdireymov hám N.Ansatbaevlardıń tınımsız miynetleri arqasında qaraqalpaq teatrı birlesken Respublikalar arasında belgili bola basladı. “Otello” (V. Shekspir), “Abu Rayxan Beruniy” (T. Seytjanov), “Nawayı Astrabadta” (I.Maxsumov), “Qaraqalpaq qızı” (T.Bayandiev, G.Abdulov), “Ay tutılǵan túnda” (M.Karim ), “Ǵarip ashıq” (A.Begimov, T.Allanazarov) sıyaqlı tamashagóylerdi pikirlewge shaqıratuǵın, estetik zawıq baǵıshlaytuǵın, rejissyordıń tabılmasına bay spektakller dúnyaǵa keldi. Aktyorlardıń potencial kúshi hám múmkinshiliklerin tuwrı bahalap jumıs alıp barıldı. Aktyorlıq sheberligine itibar berildi. Bul jılları úlken kólemli shıǵarmalardıń saxnalıq kórinisin jaratqan xudojnik Islam Alibekovtıń miynetleri hám teatr kórkem ónerinde jaratılǵan jańa tendensiyanıń nátiyjesi bolıp tabıladı.

Dramaturgler menen teatr, teatr menen tamashagóyler óz-ara dóretiwshilik baylanıslar, dástúrler unamlı jolǵa qoyıla baslandı. Jazıwshılar awqamı menen birgelikte tez-tez jıynalısıp, pyesa hám spektakllerdi analiz qılatuǵın edi. Jas dóretiwshilerge pyesalar jazıwǵa buyırtpalar berildi. Sol waqıtları óziniń qosıqları hám minatyuraları menen belgili jas shayır, jazıwshı Keńesbay Raxmanov salmaqlı shıǵarmaları menen teatrǵa qádem qoydı. Xalıqtıń asıǵıp kútken pyesası teatrdı jáne de janlandırdı. “Kelin” spektaklınen keyin “Jaralanǵan júrekler”, “O dúnyaǵa mirát”, “Laqqilar emlewxanada”, “Ínjıqtıń muhabbatı” hám basqa pyesaları teatr repertuarınan orın aldı. Belgili alım B.Tursınov bul haqqında – “Dramaturgiyamızda jańa tema, jańa xarakterler dúnyaǵa keldi” dep jazadı. Dramaturglerimizdi insanlardıń bir-birine bolǵan qatnası insaniylıq pazıyletleri

qızıqtırar edi. Bul dáwirde jazılǵan shıǵarmalar sıyaqlı rejissyorlarımız da insanlardıń qarm-qatnası haqqında, psixologiyalıq dramalardı kóbirek saxnalastıradı. Q.Matmuratov, O.Abdiraxmanov, S.Jumaǵulov, M.Nizanovlar da ózleriniń jańa shıǵarmaları menen 1980-jıllardan baslap búgingi kúnge shekem qálem tebratib milliy dramaturgiyamızdıń rawajlanıwına óz úleslerin qosıp kelmekte. 1987-jılı N.Ansatbaev rejissyorlıǵında Belgili kompozitor, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri N.Muxameddinovtıń birinshi qaraqalpaq milliy operası "Ajiniyaz" saxnalastırıladı. Librettası Ózbekstan qaharmanı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı I.Yusupov qálemine tiyisli. Opera saxnalastırılıwı teatrdıń jańa baǵdarın belgilep berdi. 1989-jılı teatrǵa "muzıkalı teatr" atağı berildi. Teatr Qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrı bolıp, kóp janrlı teatrlar qatarına qosılıp, opera, balet, muzıkalı drama, komediya hám drama spektakllerin saxnalastırıw múmkinshiligine iye boldı.

Teatrnıń tabıslı qádemleri ǵárezsizlik jıllarında dawam etdi. Ózbekstan Respublikası Ǵárezsizlikke eriskennen keyin barlıq tarawlarda júz berip atırǵan ózgerisler sıyaqlı, Respublika teatrlarında da jańasha dástúr hám tendensiyalar menen rawajlanıw júz bere basladı. Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında teatrǵa ullı demokrat shayırımız Berdaq atı berildi. Kórkem ónerge, onıń ishinde teatrlarǵa bólek itibar qaratılıp, bir qansha qarar hám pármanler islep shıǵıldı. Teatr zaman menen teń qádem taslawı kerek, Álbette, bul sóz óziniń tastıyıqın tapqan. Sebebi, hár qanday dáwirde de teatr áne sol xalıqtıń dárdi hám quwanıshı menen jasaydı. Hár bir dáwirdiń turmıs sharayatı, siyasatı bolıwı menen birge qaharmanlıq shıǵarmaları da bolıwın tariyx bizge kórsetip beredi.

Qaraqalpaq teatrı óziniń dáslepki qáliplesiw processinde háwesker atqarıwshılar menen professional akyorlardı da qosıp, pútin kórkem jámáát dárejesine kóterildi. Hár bir dramaturgtıń pyesa ideyası, mazmunı, kompoziciyası, konflikt xarakterlerinde parq bar ekenligi, tiykarınan tariyxıy temadaǵı pyesalar ideyaları revolyuciya haqqında, bay hám jumısshılar arasındaǵı gúresler haqqında ekenligi hám jáne de aytıp ótiw kerek bul dáwirde dramaturgler hám teatr arasında birge islesiw payda bolǵan dáwir ekanligi anıqlandı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 26-maydaǵı "Mádeniyat hám kórkem óner salasınıń jámiyet turmısındaǵı ornı hám tásirin jáne de asırıw ilajları haqqında"gı PF-6000-san Pármanı.

2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 2-fevral kúngi "Mádeniyat hám kórkem óner tarawın bunnan bılay da rawajlandırıwǵa baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PQ-112-sanlı qararı.

3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 8-may kúngi "Qaraqalpaqstan Respublikasında mádeniyat hám kórkem óner tarawın bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında"ǵı 291-sanlı qararı.
4. 2021-jıl 20-yanvar kúni "Mádeniy jumıs hám mádeniyat shólkemleri haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikasınıń 668-sanlı Nızamı.
5. Allanazarov T. Qaraqalpaq teatrında milliy rejissuranıń qáliplesiwi.- Nókis: Bilim, 1996.
6. Bayandiev T., Sayfullaev B. Qaraqalpaq saxnasınıń Berdaq shayırı.- Tashkent, 2014.
7. Ansatbaev N., Teatr hám aktyor, sabaqlıq.-Tashkent.; "Navruz" nashriyoti, 2020.-311 b.
8. Sayfullaev B. S., Mamatqosimov J. A. Aktyorlıq sheberligi.- Tashkent: Pán hám texnologiya, 2012.- 388 b.
9. Usnatdinov Sh. Kórgenlerim hám kewildegilerim.- Nókis: 2009.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Ходжаметова Г.И.** КАРАКАЛПАКСКАЯ ТРАДИЦИОННАЯ МУЗЫКА КАК ПЕРВООСНОВА СОЧИНЕНИЙ ФОРТЕПИАННОЙ МУЗЫКИ | 3 |
| 2 | **Charshemov J.** P.XINDEMITNING “LUDUS TONALIS” TSIKLINING GARMANIK TAXLILI | 10 |
| 3 | **Мухаммедниязов К.Т.** ИЗУЧЕНИИ ПРОБЛЕМЫ ВЗАИМОСВЯЗИ МУЗЫКИ И СЛОВА НА ПРИМЕРЕ «ПОЭТИКИ» АРИСТОТЕЛЯ | 16 |
| 4 | **Abatbaeva R.O.** XX ASRNING IKKINCHI YARMIDA QORAQALPOQ MUSIQASI | 22 |
| 5 | **Саидхонов А.С.** ДВЕНАДЦАТЬ ГРАНИ СОВЕРШЕНСТВА (На примере трансцендентные этюды Ференца Листа) | 29 |
| 6 | **Жумабаев А.Е., Муратбаева А.А.** МУЗЫКАЛЬНАЯ ФОЛЬКЛОРИСТИКА | 42 |
| 7 | **Saburova U.M.** LYUDVIG BETXOVEN IJODIDA VARIATSION SHAKL | 48 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 8 | **Allanbaev R.O.** QORAQALPOQ KOMPOZITORLARI ASARLARIDA MUSIQIY DRAMALAR | 53 |
| 9 | **Abdullaev F., Muratbaev A.** QARAQALPAQSTANDA DEMLI ORKESTRINIŃ DÚZILIWI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 59 |
| 10 | **Qurbanazarov P.** DAMLI CHOLG‘ULAR VA ULARNING RIVOJLANISH BOSQICHLARI | 65 |
| 11 | **Shermatov K.E.** BUYUK ALLOMALAR ABU ALI IBN SINO VA ABU NASR FAROBIYLARNING MUSIQIY MEROSI | 73 |
| 12 | **Abdullaeva U., Razatdinova A.** KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI | 80 |
| 13 | **Александрова О.А.** ПАМЯТИ ОПЕРНОГО ПЕВЦА КУРКМАСА МУХИТДИНОВА | 86 |
| 14 | **Allaniyazov B.** SKRIPKANING TARIXIY RIVOJLANISH JARAYONI | 91 |
| 15 | **Erejepov A.A.** QARAQALPAQ BAQSISHILIQ MEKTEPLERINIŃ ATQARIWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI ÓZGESHELIKLERI HAQQINDA | 98 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Kamalova G.M.** HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI | 104 |
| 17 | **Dosimbetov B.X.** CHOLG‘U IJROCHISINI KONSERT VA SAHNA NAMOYISHIGA TAYYORLASHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI | 113 |
| 18 | **Zuxurov M.M.** DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW | 120 |
| 19 | **Embergenova G.A., Yo‘ldoshev L.E.** XOR ASARLARINI TAHLIL QILISH OMILLARI | 130 |
| 20 | **Paxratdinova L.Sh.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍ TARIYXÍ | 136 |
| 21 | **Karimova I.I.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI | 145 |
| 22 | **Rejepov Sh.B.** ǴAYÍP DEMESINOVTÍŃ FORTEPIANO DÓRETIWSHILIGI (“Prelyudiya”ları mısalında) | 153 |
| 23 | **Mamutov P.A.** TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ | 159 |


**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 24 | **Umarova V.A.** MUSIQA-IJROCHILARNI TANLOVLARGA TAYYORLASHDA USTOZ VA OILANING ROLI | 164 |
| 25 | **Tnibaev P.K.** DAMLI CHOLG‘ULARNI TALABALARGA O‘RGATISH: PEDAGOGIK YONDASHUVLAR VA METODLAR | 169 |
| 26 | **Элмуродова Г.А.** СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ТЕХНИКИ ПО ПРЕДМЕТУ ФОРТЕПИАНО (НА ПРИМЕРЕ ЭТЮДОВ К. ЧЕРНИ) | 173 |
| 27 | **Iseev R.** FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍNDA POLIFONIYA JANRÍNÍŃ AHMIYETI. POLIFONIYALÍQ SHIǴARMALAR USTINDE JUMÍS ALÍP BARÍW | 180 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 28 | **Jabbarov I.A., Bazarbaeva N.I.** MOBILE APPLICATIONS AS A CONTEMPORARY INSTRUMENT FOR ENHANCING ENGLISH LANGUAGE LEARNING | 187 |
| 29 | **Marziyaev J.K.** JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW | 194 |
| 30 | **Kalimbetova S.A.** O‘ZBEK JADID DRAMATURGIYASI VA TEATRI (“Padarkush” va “To‘y” dramalari misolida**)** | 201 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq journal*